

Lis verifikasyon w pou lè gen dezaz

Prepare w: pwoteje finans pèsònèl ou

Si ou ta gen pou w ta kite kay ou an ijans e ou ta gen sèlman kèk minit pou w decide kisa w ap pran ak kisa w'ap kite e dokiman finansyè ou yo, petèt, ta dènye bagay ki pase nan tèt you.

Kolekte, kopye, ak estoke enfòmasyon finansye w yo kounye a ka ede w evite pwoblèm e rekanpe sou de pye w pi vit aprè yon dezaz. Lis pou w tcheke sa a ka ede w. Sèvi avè l pou asire w ke ou gen enfòmasyon ak dokiman ke ou bezwen. Aprè sa, mete l menm kote ak dokiman ki enpòtan ke ou genyen yo pou w kapab sèvi avè l lè ou gen bezwen l.

Nimewo kont ou yo

Itilize egzanp tablo ki adwat la oswa yon moso papye apa pou w òganize nimewo kont ou yo oubyen nimewo sèvis pou kliyantèl ke ou genyen yo.

Dosye pèsònèl ou yo

Fè kopi bagay sa yo epi sere yo:

- Lisans
- Paspò
- Kat sekirite sosyal ou
- Batistè
- Papye maryaj ak divòs
- Papye kay oswa papye tè
- Papye machin, bato, oswa papye pou machin ki ka sèvi kòm tit pwopriyete.
- Yon envantè chanm-pa-chanm de tout sa ou genyen

Dosye finansye

Pifò dosye finansye ka ranplase, men ou bezwen enfòmasyon sou asirans ou si pwopriyete w domaje, oswa si ou menm oubyen yon manm nan fanmi w bezwen swen medikal. Pwoteje dosye ou yo yon kote ki asire ka ede w evite pwoblèm si pita ou ta vin gen pou w reponn kesyon konsènan investisman ke ou te fè, taks, oswa benefis ke ou gen nan travay ou.

Fè kopi bagay sa yo epi sere yo:

- Kontra asirans ou
- Dosye sou envèstisman ke w fè
- Enfòmasyon sou enkòm taks
- Souch chèk ou ak dosye sou benefis ke kote w ap travay la ba ou.
- Testaman w, Papye ke w ekri pou lè w nan koma, Kòb oswa bagay ou bay kenbe, pwokirasyon legal finansyè ak medikal.

Fichye enfòmatak

Si ou sere sou odinaè w dosye finansye, modpas, foto fanmi, ak videyo , se pou w bakòp yo nan yon lòt sèvi klawoud oubyen bakòp done w yo tanzantan pandan w ap kenbe bakòp sa yo yon kote ki an sekirite.

Kenbe dokiman enpòtan yo an sekirite e toujou fè kopi

Asire w ke ou kenbe an sekirite epi ou fè kopi papye enpòtan ke ou genyen yo. Kenbe orijinal yo nan yon bagay ki enpèmeyab, oubyen ki pa ka boule, oswa nan yon bwat sekirite labank. Si ou kenbe dokiman w yo lakay, asire w ke ou ka pran yo san pèdi tan, si w ap kouri.

Sere kopi yo yon lòt kote - nan yon plas an sekirite ki nan travay ou oswa kay yon zanmi ke ou fè konfyans.

Si ou gen aksè a yon òdinatè, eskane dokiman w yo e mete yo sou yon lektè USB oswa sere enfòmasyon w yo nan yon sit entènèt ki an sekirite.

Prè ak kredi kat	Nimewo kont	Nimewo sèvis kliyantèl
Ipotèk		
Prè sou valè kay ou		
Prè pou achte machin		
Kredi kat		
Prè etidyan		
Lòt :		

Kay ak sèvis piblik	Nimewo kont	Nimewo sèvis kliyantèl
Fèm kay		
Kab oswa satelit		
Dlo		
Elektrisite		
Telefòn		
Lòt:		

Lòt kont ak asirans	Nimewo kont	Nimewo sèvis kliyantèl
Pwopriyetè kay oswa asirans lokatè		
Asirans pou machin		
Asirans medikal		
Kont kouran		
Kont epay		
Kont pou envèstisman		
Lòt:		

Fè yon envantè de sa ou genyen

Yon envantè ekri de sa ou genyen ki apiye ak yon videyo de chak chanm lakay ou ka ede w pwouve sa k pèdi ak sa ki domaje.

Aprè yon dezaz

Si yon katastwòf frape kay ou, kontakte rapid rapid konpayi kredi kat ou yo, ipotekè ki ba w ou kredi yo, ak lòt kreditè ou genyen yo pou enfòm yo sou sitiyasyon w lan. Pifò nan yo gen fason pou ede w.

Si ou pa kapab rete nan kay la, kontakte konpayi sèvis piblik ou yo (tankou elektrik, gaz, kab) pou wè si yo ka koupe sèvis sa yo. Sa ka ajoute plis lajan nan bidjè w.

Anpil moun ak gwoup moun pral ofri w èd. Kriminèl ki dèye fè kòb sou moun lè gen dezaz pral pran pòz y ap ede w e yo pral eseye tronpe w.

Pran prekosyon ak:

- Frè alavans pou ede w reklame sèvis, benefis, oswa jwenn prè. Anplwaye gouvènman yo p ap janm mande w lajan pou ede w jwenn benefis oswa sèvis.
- Kontraktè k ap vann reparasyon pòt-an-pòt, espesyalman si yo vin ofri w gwo rabè oswa mande w pou w peye yo alavans
- Ajan asirans k ap eseye vann ou lòt kontra sou kote.
- Oganizasyon ki pote non ki sanble ak non ajans gouvènman oswa non òganizasyon charite.

Konsènan nou

Biwo Pwoteksyon Finansye pou Konsomatè kontwole òf ak pwovizyon pwodwi finans konsomatè yo ak sèvis finansye dapre lwa finans federal pou konsomatè yo, epi edike ak ranfòse konsomatè yo pou yo ka pran desizyon finansye ki pi bon.

Apran pi plis nan

consumerfinance.gov

Konekte avèk nou



Soumèt yon plent

consumerfinance.gov/complaint



Eksplike yon istwa

consumerfinance.gov/your-story



Jwen repons sou kesyon lajan

consumerfinance.gov/askcfpb



Pataje panse w

facebook.com/cfpb

twitter.com/cfpb

Misyon Ajans Federal pou Jesyon Ijans se ede moun anvan, pandan ak aprè dezaz. Kanpay Pare a fèt pou edike ak pèmèt pèp Ameriken an prepare pou, reponn ak bese ijans yo, tankou katastwòf natirèl ak katastwòf lèzòm fè.

Apran plis nan

ready.gov/financial-preparedness



Consumer Financial
Protection Bureau



FEMA



Ready®